



Pou Piblikasyon Imedya: 20/10/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PRÈSKE 38 MILYON DOLA NAN FON FEDERAL
POU BAY FÈMYE NEW YORK YO YON BOURAD AK POU POTE PLIS MANJE
LOKAL BAY KOMINOTE YO AK LEKÒL YO**

***Akò koperativ USDA yo pral ankouraje kiltivatè ak pwodiktè New York yo epi
ranfòse pwogram soti nan Fèm-rive nan-Lekòl yo***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke Depatman Agrikilti Ameriken (U.S. Department of Agriculture) an te bay prèske 38 milyon dola bay Depatman Agrikilti ak Mache (Department of Agriculture and Markets, AGM) Eta New York ak Depatman Edikasyon Eta New Yoek (New York State Education Department, SED) la pou amelyore davantaj rezistans sistèm alimantè New York la lè li bay yon fèmye New York yo yon bourad ak ogmante aksè a manje lokal yo. Finansman an ap kreye nouvo opòtinite pou achte manje ki fèt ak pwodui lokalman pou sipòte fèmye Nouyòk yo, sa ki gen ladann moun ki tradisyonèlman pa jwenn ase sèvis yo, epi pou distribye machandiz sa yo nan kominote ki nan ensekirite alimantè yo ak nan lekòl New York yo.

"Depatman Agrikilti ak Mache a ak Depatman Edikasyon Eta a te jwe yon wòl enpòtan nan devlope relasyon solid, ki benefik mityèlman ant kiltivatè lokal yo ak kominote yo nouri yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pwogram sa yo bay kiltivatè yo ak pwodiktè yo opòtinite ekonomik enpòtan yo pandan y ap bay elèv yo ak popilasyon ki pa jwenn ase sèvis yo aksè ak manje ki fre, ki an sante ak nourisan ki fèt lokalman. Patenarya sa a ak finansman adisyonèl yo apiye sou anpil pwogram eta nou yo ki fè siksè ki non sèlman ede bay yon ogmantasyon pou kominote agrikòl nou an ak nouri fanmi nou yo, men tou, ede ranfòse chèn apwovizyonman manje Eta New York la."

Sousekretè USDA pou Maketing ak Pwogram Regilatwa a, Jenny Lester Moffitt, rejwenn Komisè Depatman Agrikilti ak Mache (AGM) New York la, Richard A. Ball, ak Komisè Depatman Edikasyon Eta a (SED), Betty A. Rosa jodi a nan Sant Edikasyon Karyè ak Teknik BOCES Rejyon Kapital la pou selebre de akò koperativ: Pwogram Akò Koperativ Asistans Acha Manje Lokal (Local Food Purchase Assistance Cooperative Agreement, LFPA), atravè AGM; ak Pwogram Akò Koperativ Manje Lokal pou Lekòl (Local Food for Schools, LFS) la, atravè SED.

Sousekretè Depatman Agrikilti Etazini an, Jenny Lester Moffitt, te deklare, "USDA kontan anpil pou li kreye patenarya ak New York pou ankouraje opòtinite ekonomik pou

fèmwe yo ak pwodikè yo epi pou ogmante aksè ak manje fre, an sante ak nourisan ki soti lokalman nan kominote yo ki pa jwenn ase sèvis yo ak nan lekòl yo. Akò koperativ yo reyalize nan kad pwogram sa yo pral amelyore rezistans chèn apwovizyonman pou manje ak agrikòl epi ogmante konsomasyon manje lokal atravè peyi a."

AGM resevwa 25.8 milyon dola atravè LFPA pou aplike Pwogram Manje New York pou Fanmi New York (New York Food for New York Families) yo pou kreye yon sistèm alimantè ki pi rezistan nan tout eta a ki sipòte fèm lokal yo epi ki bay bon jan kalite manje nourisan pou kominote ki fè fas ak ensekirite alimantè yo. Acha manje pral sipòte kiltivatè lokal yo ak kiltivatè ki defavorize tradisyonèlman yo nan konstwi ak elaji opòtinite ekonomik ak kreye nouvo chanèl maketing pou yo nan eta a pandan y ap asire manje lokal yo rive jwenn fanmi New York ki nan bezwen yo.

Pwogram LFS, ki dirije pa SED, pral resevwa prèske 12 milyon dola pou bay lekòl yo resous adisyonèl pou achte manje ak bwason lokal ak rejyonal pou sèvi timoun yo pandan jounen lekòl la atravè Pwogram Nasyonal Manje midi ak Dejene Lekòl la. Pwodwi ki an sante ak inik sa yo pral kontinye objektif eta a pou amelyore nitrisyon timoun yo pandan y ap bati nouvo relasyon ant lekòl yo ak kiltivatè lokal yo.

Delege Depatman Agrikilti ak Mache Eta New York la (New York State Department of Agriculture and Markets), Richard A. Ball te deklare, "Mwen fyè de efò kontinyèl New York ap fè pou ranfòse sistèm alimantè nou an epi pote manje lokal ki an sante nan kominote ki pa jwenn ase sèvis yo pandan y ap bay benefis ekonomik pou fèmwe yo atravè New York. Nou kontan anpil pou nou jwenn prèske 26 milyon atravè pwogram sibvansyon LFPA USDA a, ki pral pèmèt nou bati sou reyalizasyon sa yo epi siyifikativman elaji pòte nan direksyon kiltivatè yo ak fanmi ki nan bezwen yo nan chak kwen nan eta nou an."

Rektè-Konsèy Administrasyon an, Lester W. Young, Jr., te deklare, "Fèm ak pwodikè manje New York yo nan sant pou asire elèv yo gen manje ki an sante ki pwodui lokalman ke yo bezwen pou sipòte aprantisaj ak devlopman. Ansanm, avèk patnè eksepsyonèl nitrisyon timoun nou yo nan tout eta a ak nan USDA, nou kontinye grandi ak ranfòse rezo nou yo pou bay elèv yo manje New York yo ki bon pou sante, pou yo gen aksè ak bon jan repa yo bezwen chak jou."

Komisè Depatman Edikasyon Eta New York la, Betty A. Rosa, te deklare, "Lekòl yo se yon pati entegral nan chak kominote nan eta divèsifye nou an, epi nou fè efò pou ankouraje koneksyon pwofon ak manje ak agrikilti. Mwen kontan anplwaye Nitrisyon Timoun Depatman an ap travay di pou avanse patenarya sa a epi yo pral yon pati enpòtan nan koperasyon enpòtan sa a pami distri yo, bèl fèm New York yo, ak pwodikè ak transfòmattè manje ki istorikman defavorie yo. Efò konsète sa yo pral lakòz elèv ki pi an sante, ki pi kontan epi ki pi byen prepare pou pwospere nan lekòl yo."

Sipè-entandan Distrik Enterimè BOCES nan Rejyon Kapital la, Lauren Gemmill, te deklare, "Soti nan pwogram gastronomik nou yo pou elèv yo rive nan Sèvis Manje Pataje nou an pou distri lekòl yo, BOCES nan Rejyon Kapital la ap kontinye chèche

fason pou amelyore aksè ak manje lokal nan lekòl yo. Pandan n ap chèche fason pou nou bati relasyon ak kiltivatè yo epi asire elèv nou yo gen opsyon nourisan ki disponib pou yo, nou rekonesan pou sipò lidè eta ak federal nou yo."

Senatè Kirsten Gillibrand te deklare, "New York se lakay plis pase 30,000 fèmme ki bezwen èd ijan ak dirèk pou kenbe operasyon yo qn fonksyone pandan y ap goumen ak difikilte finansye pandemi an te koze. Antanke manm Komite Agrikilti Sena a, mwen fyè dèske m te ede defann ak sekirize 38 milyon dola sa a ki pral ede fèm nou yo fonksyone ak mete manje lokal ki an sante sou tqb yo nan kay ak nan lekòl yo."

Reprezantan Adriano Espaillat te deklare, "Mwen felisite Gouvènè Hochul pou anons jodi a pou sipòte fèmme New York yo pandan l ap asire lekòl yo ak kominote yo resevwa manje nan men founisè lokal yo. Pandan n ap ranfòse ekite manje atravè pwodui ki kiltive lokalman, nou kapab kontinye efò nou pou konbat ensekirite alimantè atravè Eta New York, pou founi fanmi ak kominote ki nan bezwen yo."

Senatè Eta Shelley B. Mayer te deklare, "Tout elèv aprann pi byen lè yo resevwa nitrisyon yo bezwen an. Finansman sa a pral pèmèt New York kontinye bati pon ant fèmme lokal nou yo ak lekòl nou yo Mèsi Depatman Agrikilti Ameriken an, Gouvènè Kathy Hochul, Komisè Depatman Agrikilti ak Mache a Richard A. Ball, Rektè Konsèy Administrasyon an Lester W. Young Jr., ak Komisè Edikasyon Eta Betty A. Rosa pou patenarya yo nan kad efò sa a."

Senatè Eta Michelle Hinchey, te deklare, "Elaji aksè ak manje ki an sante, ki pwodui lokalman pou tout Nouyòkè yo pandan y ap kreye nouvo mache pou ranfòse biznis agrikòl yo se yon priyorite enpòtan pou eta nou an, e li tèlman enpòtan ke nou gen sipò nan domèn sa a nan chak nivo gouvènman an. Pandan n ap kontinye travay nou pou asire pwovizyon manje lakay nou an aksesib pou tout timoun ak fanmi yo atravè New York, finansman federal sa a pral itil anpil pou ankouraje nouvo koneksyon ant lekòl, fèm, ak kominote ki pa jwenn ase sèvis yo."

Manm Asanble Donna Lupardo te deklare, "Mèsi USDA paske w sipòte inisyativ enpòtan New York yo pou achte manje lokal yo. Avèk finansman sa a, nou ka bay elèv nou yo ak Nouyòkè ki nan ensekirite alimantè yo plis pwodwi fre, ki fèt lokalman epi ki nourisan Se pral yon gwo ogmantasyon tou pou kiltivatè nou yo, ki pral ranfòse chèn apwovizyonman manje nou yo ak ekonomi agrikòl la an jeneral."

Anons jodi a ap bati sou angajman Eta a pran depi lontan nan batay kont grangou. Eta a te lanse plizyè pwogram revolisyonè nan ane ki sot pase yo pou amelyore aksè pou manje ki bon pou lasante, ke yo kiltive lokalman epi pote manje ak bwason yo kiltive nan New York nan kominote defavorize yo ak nan lekòl Eta New York yo. [Inisyativ 30 pousan Eta New York](#) la, ki se pwogram Eta a soti nan Fèm rive nan Lekòl ak pwogram nitrisyon timoun yo ki konsantre sou achte plis pwodwi lokal nan men kiltivatè New York yo epi ogmante manje lokal ki an sante ak nourisan pou manje dine lekòl New York yo.

Inisyativ Nourish NY la te achte, atravè rezo bank alimantè eta a ak founisè manje ijans, yon valè de prèske 100 milyon dola nan men kiltivatè lokal yo epi li te livre yo bay fanmi ki nan bezwen yo. Jiskaprezan, prèske yo te distribiye 50 milyon repa. Yon lòt etap enpòtan resan se yon milyon liv manje ke yo bay Nouyòkè ki grangou yo nan kad aplikasyon kontinyèl Resiklaj Rès Manje ak Don Manje a, ki apiye sou efò Eta a ap fè pou redwi fatra ak emisyon k ap chanje klima a ki te koze pa dechaj yo pandan y ap bay bon jan manje pou Nouyòkè ki nan bezwen yo.

[Konsèy sou Lafen ak Politik Alimantè \(Council on Hunger and Food Policy\)](#) a reyini pou bay responsab politik eta yo ekspètiz sou fason pou adrese lafen ak amelyore aksè ak manje ki bon pou sante ki grandi lokalman pou rezidan Eta New York yo. Travay Konsèy la te enpòtan anpil pandan etablisman pwogram Nourish New York la, gras ak konsantrasyon li pou ranfòse lyen ak koperasyon ant pwogram ki adrese lafen ak sa yo ki pwodui ak founi manje.

Toude pwogram yo ede bay kominote ak elèv ki defavorize yo nan eta a manje fre, ki an sante, ki pwodui lokalman epi investi nan ti biznis Eta New York yo pou kiltive yon sistèm alimantè lokal ki estab, ki pwospere. Gen plis enfòmasyon ki disponib nan sit wèb [Program Akò Koperativ Asistans Acha Manje Lokal](#) ak [Program Akò Koperativ Manje Lokal pou Lekòl](#) USDA.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418